Pou Piblikasyon Imedya: 29/09/2021 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL NONMEN DOKTÈ MARY T. BASSETT KÒM KOMISÈ DEPATMAN SANTE

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a, Mary T. Bassett, MD, MPH, te nonmen kòm Komisè Depatman Sante a (Department of Health). Avèk plis pase 30 lane eksperyans devwe pou pwomosyon ekite sante ak jistis sosyal, alafwa Ozetazini ak aletranje, karyè Doktè Bassett te travèsè mond inivèsitè, gouvènman, ak òganizasyon san bi likratif. Nominasyon li a ap anvigè 1ye desanm.

"Rekiperasyon nou nan pandemi sa egzije lidèchip ki epwouve epi ki eksperimante pou amelyore egalite nan sante ak aksè atravè eta a, epi Doktè Bassett ekipe pafètman pou dirije Depatman Sante Eta New York la pandan moman enpòtan sa," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè mwen te prete sèman kòm Gouvènè, mwen te angaje pou konstui yon ekip ki gen talan ak pèfòmans, konesans, ak ekspètiz pou estope pwopagasyon COVID-19 la, retounen nan lavi nòmal, epi fè eta nou an avanse. Doktè Bassett se alafwa yon ekspè nan sante piblik ki gen bon renome ak yon egzanp sèvant piblik, epi mwen enpasyan pou travay ak li pou kenbe Nouyòkè yo pi an sekirite epi pi an sante."

"Mwen enb epi onore pou retounen nan eta lakay mwen New York pou dirije Depatman Sante a nan moman esansyèl sa," **Komisè k ap antre a Mary T. Bassett te deklare.** "Pandemi an te souliyen enpòtans sante piblik, pandan li te revele tou inegalite ki motive pa rasis estriktirèl. Pandan n ap vanse vè lafen pandemi an, nou gen yon opòtinite inik pou kreye yon eta ki pi ekitab pou tout Nouyòkè. Mwen enpasyan pou sa ak Gouvènè Hochul ak ekip la nan Depatman Sante a."

Doktè Bassett sèvi kòm direktè nan Sant pou Sante ak Dwa Zimen François-Xavier Bagnoud (FXB) nan Inivèsite Harvard epi Pwofesè FXB Pratik Sante ak Dwa Zimen nan Depatman Syans Sosyal ak Konpòtmantal nan Harvard T.H. Chan School of Public Health.

Soti 2014 rive ete 2018, li te sèvi kòm komisè Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York, kote li te fè jistis rasyal la yon priyorite epi te travay pou abòde kesyon rasis estriktirèl la nan rasin eka sante ki pèsiste nan vil la ant Nouyòkè blan yo ak kominote moun koulè yo. Doktè Bassett te dirije tou Depatman repons Ebola a, maladi Lejyonè ak lòt epidemi maladi.

Nan ane 2002, Doktè Basset te nonmen kòm komisè adjwen Pwomosyon Sante ak Prevansyon Maladi nan Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (New York City Department of Health and Mental Hygiene, NYCDOHMH) Nan wòl sa, li te dirije divizyon ki responsab entèvansyon kontwòl tabak ak politik alimantè piyonye Vil New York, ki enkli premye egzijans pou afiche premye kalori ak restriksyon gra trans nan peyi a. Pwogram anblematik li a se te lansman Biwo Sante Piblik Distri yo nan plizyè katye ki te viktim depi lontan de inegalite ras/etnik ak ekonomik. Biwo sa yo dirije estrateji ki sible, nan plizyè sektè, ant plizyè ajans pou diminye eksè chaj maladi kounye a. Soti 2009 rive 2014, Doktè Bassett te sèvi kòm direktè pwogram pou Pwogram Prevansyon Inisyativ Sante Afriken ak Byennèt Timoun, Fondasyon Byenfezans Duke Doris.

Bonè nan karyè li, li te sèvi nan fakilte medikal nan Inivèsite Zimbabwe pandan 17 lane, pandan tan sa li te devlope yon seri entèvansyon prevansyon SIDA. Baze sou eksperyans sa, li te kontinye sèvi kòm direktè asosye egalite sante nan Biwo Afrik Disid Fondasyon Rockefeller, ap sipèvize pòtfèy SIDA Afriken li a. Lè li te retounen Etazini, li te sèvi nan fakilte Inivèsite Columbia, ki enkli kòm pwofesè asosye klinik epidemyoloji nan Lekòl Sante Piblik Mailman.

Anpil pri ak onè Doktè Bassett enkli Pri Frank A. Calderone nan Sante Piblik, yon Pri Ekselans Avi Kenneth A. Forde ki soti nan Columbia University, yon Pri Victoria J. Mastrobuono pou Sante fanm, ak Pri Òganizasyon Nasyonal pou Fanm Chanpyon nan Sante Piblik. Li te eli tou kòm yon manm nan Akademi Medsin Nasyonal la. Pandan anpil ane li te sèvi kòm yon editè asosye nan Jounal Sante Piblik Ameriken. Piblikasyon resan li enkli atik nan The Lancet ak nan Jounal Medsin New England ki abòde rasis estriktirèl ak inegalite sante nan Etazini.

Doktè Bassett te grandi nan Vil New York. Li te gen yon Bakaloreya (B.A.) nan Listwa ak Lasyans nan Inivèsite Harvard, yon Etid nan Medsin (M.D.) nan Fakilte Medcin ak Chiriji nan Inivèsite Columbia (Columbia University's College of Physicians and Surgeons) (te fè sosyal li nan Harlem Hospital), ak yon M.P.H. nan Inivèsite Washington.

"Nou kontan ke Mary ap pote lidèchip solid, angajman fewòs pou ekite, ak konpreyansyon pwofon li sou politik sante piblik nan nouvo wòl sa kòm komisè sante Eta new York," **te deklare Michelle A. Williams, dwayen fakilte nan Harvard Chan School.** "Pandan n ap sonje prezans li anpil isit la, nou fyè ke l ap nan yon pozisyon pou fè politik ki baze sou prèv, ki anrasine solidman nan lasyans, yo pwogrese, pou pwoteje epi amelyore sante chak rezidan New York. Nou konnen l ap yon chanpyon pou tout moun atravè eta a."

"Mwen felisite Gouvènè Hochul po nominasyon li a de Doktè Mary Bassett kòm Komisè Sante Eta New York. Mwen pa ka imajine yon moun ki pi kalifye oswa ki pi adapte pou dirije sante piblik nan eta nou an nan moman sa," **te deklare Lilliam Barrios Paoli, Ansyen Majistra Adjwen Vil New York pou Sèvis Sante ak Imen.** "Doktè Basset se yon jesyonè kriz ekstraòdinè. Travay avèk li pandan alafwa

kriz maladi Ebola ak Lejyonè yo te yon leson sou kijan pou jere nan fason ki efikas epi ak gras sou gwo presyon. Mwen ka di san twonpe ke se te lidèchip li ki te pèmèt Vil New York navige avèk siksè nan sitiyasyon difisil sa yo. Angajman li pou mete fen nan disparite sante yo enkontestab, paske likwè ke bon jan sante piblik ale men nan men ak ekite sosyal, ras ak sèks. Mwen kwè fèm ke ak nominasyon sa, Gouvènè Hochul ap mete sante piblik Eta New York nan pi bon men posib."

"Gouvènè Hochul te fè yon bon chwa ak nominasyon Doktè Mary Basset kòm komisè sante Eta New York," **te deklare George Gresham, Prezidan 1199SEIU.** "Antanke komisè sante Vil New York, Doktè Bassett te dirije ewo swen sante nou yo nan defi san presedan, ki enkli Ebola. Pandan n ap fè fas ak yon lòt defi san presedan, ekspètiz sante piblik, konesans sistèm swen sante yo, ak angajman nan ekite sante Doktè Bassett, ap yon atou ekstraòdinè pou eta a. Nou espere travay ansanm avèk li ankò."

"New York ap nan men ki ekstrèman konpetan ak Doktè Bassett. Li se yon piyonye ki rekoni sou plan entènasyonal pou konstriksyon meyè sistèm pou pwoteje epi fè pwomosyon sante moun epi fè egalite ak jistis pwogrese," **te deklare Aletha Maybank, MD, MPH, Vis Prezidan Prensipal ak Ofisye Ekite Sante Anchèv, Asosyasyon Medikal Ameriken.** "Privilèj pou lanse Sant pou Egalite Maladi nan Depatman Sante Vil New York sou lidèchip li, te fikse yon nivo nasyonal ki wo sou kijan gouvènman an ka rann tèt li responsab pou entegrasyon ekite ak jistis rasyal nan kilti, pratik, ak politik enstitisyon an ak pi lwen. Òganizasyon Sante Mondyal (World Health Organization) ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) te rekonèt efò sa yo. Fondman moun li ye ak estrateji egalite li se santre vwa ak lide moun ki pi majinalize yo pou ede soutni tout Nouyòkè. Youn nan pi gwo kado mwen te aprann nan men Doktè Bassett se defans - kanpe san okenn wont pou sa ki dwat, sen, epi ekitab. Mwen vrèman kontan pou New York, ak peyi a, pou li tounen nan sèvis piblik nan moman enpòtan sa."

"Doktè Basset se yon chwa eksepsyonèl. Rochester bezwen yon lidè ki alekout inegalite swen sante yo, espesyalman pou sila ki akpoze pa pandemi an," **te deklare Vivian Lewis, MD, Pwofesè Emerite - Obstetrik ak Jinekoloji epi Ansyen Vis Dwayen, Fakilte Devlopman ak Divèsite nan Inivèsite Rochester.** "Resaman, li menm avèm te nan yon komite sou disparite swen sante epi mwen te enpresyone pa elokans li konsènan detèminan sante sosyal - ras, estati sosyo-ekonomik, aksè nan swen sante, ak lojman ke nou bezwen abòde pou mete fen nan kriz aktyèl la - nan nivo nasyonal, nan tout eta a ak nan kominote a ak nan nivo endividyèl. Dosyw Doktè Bassett nan Vil NY se yon leson puisan nan mobilize resous katye yo pou konstui konfyans ki nesesè pou konprann epi abòde kondisyon kwonik ak kriz yo alafwa. Egzanp li antanke yon chèchè nan sante piblik ap enspire elèv ak estajyè nou yo pou vin kalite lidè swen sante ki valorize bezwen pou genyen yon enpak nan kominote yo, peyi yo epi mondyalman. Nou akeyi lidèchip li."

"Doktè Mary Bassett se te yon vizyonè ak yon lidè transfòmasyon antanke komisè sante Vil New York, nou akeyi retou li nan nouvo pozisyon vital sa antanke Komisè Sante Eta New York," **te deklare Ayman El-Mohandes, MBBCh, MD, MPH, Dwayen**

Lekòl Siperyè nan Sante Piblik ak Politik Sante CUNY. "Angajman li pou sèvi tout Nouyòkè nan divizyon jewografik demografik, ekonomik, ak kiltirèl te demontre chak jou. Mwen te travay ak Doktè Bassett pandan anpil ane nan divès kapasite, e mwen ka di ak konfyans ke nan moman difisil sa nan listwa New York, moun Eta New York yo gen pral benefisye anpil de entegrite, konpetans, konpasyon, ak sajès l ap pote nan nouvo wòl li."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU